


### «BARCHA OMILLARNI HISOBGA OL!»

### (Boho) metodi

Boho – bu shaxs e'tiborini muayyan omillarga qaratishga xizmat qiluvchi metod sanalib, uni qo'llashdan ko'zlangan maqsad shaxs ongini rivojlantirish, tasavvurini kengaytirish, tafakkurini boyıtish.

Metod qanchalik aniq maqsad asosida qo'llanilsa, uning samaradorligi shuncha yuqori bo'ladi. Agar talaba u yoki bu fikrni ochiq aytishga tortinsa, u holda metodni qo'llash hech qanday samara bermaydi [4].




Xulosa qilib shuni aytish mumkin, xoxlagan o'quv predmeti singari zamonaviy fizikani o'rgatish, agar o'qituvchi o'z mehnatini to'g'ri tashkillashtira olsa, talabalarning o'ziga xos individual xususiyatlarini savodli, malakali tahlil qila olsa shaxsning shakllanishi uchun vosita bo'lishi mumkin.

Shu bilan birga, ta'lim jarayoni innovatsion texnologiyalar orqali yuksak saviyada tashkil etilsa, bo'lajak mutaxassislarda intellektual faollik namoyon bo'ladi. Intellektual faollik esa, bo'lajak mutaxassislarning har tomonlama tayyorgarlik ko'rishiga, bo'lajak faoliyatning ustasi bo'lib etishishiga yordam beradi.

### Adabiyotlar

1. Djoraev M. Fizika o'qitish metodikasi (umumiy masalalar). -T.: Abu matbuot-konsalt. 2015. 280-b.
2. Джораев М., Саматов Ғ.Б., Хужанов Э.Б. Академик лицейлар ва касб-ҳунар коллежлари ўқувчиларида квант физикага оид тасаввурларни шакллантириш ва ривожлантириш. // Таълим, фан ва инновация, 2016, № 4 , 24-27-б.
3. Ro'ziyeva D., Usmonboyeva M., Holiqova Z. Interfaol metodlar: mohiyati va qo'llanilishi. –T:TDPU. 2013, 114- b.
4. Талызина Н.Ф. Формирование познавательной деятельности учащихся. -М.: «Просвещение», 2003, -С. 48.

**REZYUME**

Maqolada kvant fizika mavzularini o'qitishda pedagogik texnologiyalar asosida ta'lim muassasalari talabalarining bilim, ko'nikma va malakalarini shakllantirish samaradorligini oshirish haqida ma'lumotlar keltirilgan.

**РЕЗЮМЕ**

В статье представлена информация об эффективности педагогических технологии при обучении тем по квантовой физике в образовательных учреждениях на основе формирования у студентов знаний, навыков и умений.

**SUMMARY**

The article provides information on the effectiveness of pedagogical technologies in teaching topics on quantum physics in educational institutions based on the formation of students' knowledge, skills and abilities.

## МЕКТЕПТИ ЖӘМӘӘТЛИК БАСҚАРЫЎДА АТА-АНАЛАР МЕНЕН ИСЛЕСИЎДИҢ ӘҲМИЙЕТИ

**А.О.Меңлибаева–** *ассистент оқытыўшы*
**С.С.Омаров** *– студент*
*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*

**Таянч сўзлар:** менежмент, таълим муассасасини бошқариш, мактаб бошқаруви, ота-оаналар билан ишлаш, тарбия.
**Ключевые слова:** менежмент, управление образовательного учреждения, управление школой, работа с родителями, воспитание.
**Key words:** management, management of educational establishment, school management, interaction with the parents, education.

XX әсирдиң 80-90-жылларында пайда болған менежмент, яғный басқарыў түсиниги бүгинги күнде дерлик барлық тараўларды қамтып алды. Өз ўақтында менежменттиң тийкарын салған американлық инженер Ф.Тейлор (1856-1915) өзиниң "Басқарыўды илимий шөлкемлестириўдиң усылы ҳәм принциплери" мийнетинде оның әҳмийетли екенин илимий жақтан дәлиллеўге урынған болса, бүгинги күнде менежменттиң соңғы жетискенликлеринен пайдаланған ҳалда оны билимлендириў системасына ендириў мәселеси де бул тараўды нәтийжели раўажландырыў-дағы ең әҳмийетли ўазыйпалардың бирине айланды.

Тәлим сыпатын басқарыў искерлигин шөлкемлестириў ҳәм түрли буўын басшыларының кәсиплик раўажланыўы, олардың тәжирийбесин асырыў жөнелислери, машқалалары бойынша мәмлекетимизде бир қанша алымлар өз илимий изертлеўлерин алып барды. Олардан Л.В.Перегудов, Э.А.Сейтхалилов, М.М. Мирқосимов, Р.Ҳ.Джураев, С.Турғунов, Н.Ахмедова [5, 7, 4, 3, 1 ] ҳәм басқаларды атап өтсек болады.

Өзбекстан Республикасы үзликсиз билим бериў системасына тийкарланған. Бул системаның мектеп билимлендириўи бөлиминде де басқарыўды шөлкемлестириў ислери жолға қойылған. Бунда мәмлекетлик-педагогикалық ҳәм жәмәәтлик басқарыў жетекшилик етеди. Мәмлекетлик-педагогикалық басқарыўда мектеплерди басқарыўдың барлық бөлимлери – кадрларды таңлаўдан баслап, оның материаллық-техникалық базасы, оқытыў ҳәм оқыў процесин шөлкемлестириў талап етилсе, жәмәәтлик басқарыў көбирек тәлим менен бирге тәрбия мәселелерине байланыслы ҳалда шөлкемлестириледи. Яғный, оқытыўшылар, оқыўшылар, ата-аналар ҳәм жәмәәтлик ўәкиллерден дүзилген мектеп кеңесиниң мектепке жәмәәтлик басқарыўды жүргизиў хызмети болып табылады. Бүгинги күнде мектеп билимлендириўин шөлкемлестириў ҳәм басқарыўды модернизациялаў, мектеп басқарыўындағы жәмәәтлик басқарыўды еле де жетилистириў мәселелери күн талабындағы шешимин

күтип тур. Бул ҳаққында алым О.Сафаров өз изертлеуинде: ««Билимлендириў ҳаққында»ғы нызам ҳәм «Кадрлар таярлаўдың миллий бағдарламасы»ндағы мақсет ҳәм ўазыйпалардың жаңаланыўы сыяқлы тийисли өзгерислер киргизилиўи, әсиресе, билимлендириў системасы ҳәм мәкемелерин басқарыў ҳәм қадағалаўда жәмәәт шөлкемлериниң орны, яғный мәмлекет-жәмәәт басқарыўының принциплери, формасы ҳәм механизмлерин жетилистириў» [6:25] лазымлығын атап өтеди. Билимлендириў мәкемелери алдында турған мақсетлерге ерисиў улыўма орта билимлендириў мәкемелери педагог хызметкерлери ҳәм басқа да техник хызметкерлердиң биргеликтеги нәтийжели искерлигин нәзерде тутады. Бул процесс билимлендириў мәкемелеринде искерликти муўапықластырыўды, белгили бир тәртип-қағыйдалардың орнатылыўын талап етеди. Бул тәртип-қағыйдалар шөлкемлескен дүзилис формасы сыпатында сәўлеленеди.

Мектеплердеги жәмәәтшилик шөлкемлерине оқыўшылар кеңеси, кәсиплик аўқамы бирлеспеси, методикалық бирлеспе, ата-аналар комитети киреди. Биз төменде мектеп басқарыўында жәмийетлик басқарыўдың бир формасы болған ата-аналардың мектеп басқарыўын шөлкемлестириўдеги қатнасының әҳмийети, тийкарлары, мақсет ҳәм ўазыйпалары ҳаққында тоқтамақшымыз.

Мектеплердеги жәмәәтлик басқарыў, тийкарынан, тәлимниң тәрбия менен ушласқан жеринде пайда болады. Яғный, оқыўшыларға билим бериўди шөлкемлестириў процесин басқарыўда тәрбиялаў процеси де орынланады. Бунда тәрбия процесин тәлим менен бирге басқарыўда жәмәәтлик басқарыў жәрдемге келеди. Билимлендириў системасындағы (мектеплердеги) жәмәәтлик менежментте әлбетте, тәрбия метод ҳәм қуралларын дурыс шөлкемлестириў ҳәм қолланыў мақсетке муўапық болады.

«Мектепте ата-аналар кеңесиниң баслы мақсети мектепти раўажландырыў ҳәм еле де жетилистириўде ата-аналардың жақыннан жәрдем бериўден ибарат болып, билимлендириў мәкемесиниң басқа шөлкем ҳәм мәкемелер менен өз ара пайдалы бирге ислесиўи жолындағы искерлигин қәлиплестириў, мектепте тәлим-тәрбия нәтийжелилигин жақсылаў бағдарында илажлар шөлкемлестириў, соның менен бирге, билимлендириў мәкемесиниң имканиятларын кеңейтиў бойынша қәўендерлик көрсетиў бағдарындағы илажларды шөлкемлестиреди» [3:156] ҳәм қоллап-қуўатлайды.

Мектепте жәмәәтлик басқарыўдың бир формасы болған ата-аналар менен ислесиўди басқарыў ямаса шөлкемлестириўде төмендеги ўазыйпаларды әмелге асырыў мақсетке муўапық болады:

- мектепте ата-аналар кеңесиниң басқарыўы компонентли шөлкемлескен дүзилиске ийе болып, бунда тийкарғы мақсетке ерисиўде билимлендириў мәкемеси субъектлериниң мақсетке бағдарланған өз ара тәсирин күшейтиў зәрүр;

- екиншиден, гөзленген мақсетке ерисиў ушын билимлендириў мәкемеси ата-аналар менен бирге бир пүтин механизм сыпатында искерлик көрсетиўи ҳәм керек.

Деген менен, жәмәәтлик басқарыўда ата-аналар менен бирге ислесиўди басқарыў процесинде шөлкемлестириў ислерин анық жобаластырмай турып, оның мазмунын, форма ҳәм усылларын анықламай ҳәм белгили бир системаға салмай турып жоқарыда көзде тутылған мақсетке ерисиў қыйын. Ата-аналардың мектеп басқарыўына қатнасын дурыс шөлкемлести-риўде оқытыўшы менен ата-ана ортасындағы бирге ислесиўин тәмийинлеў зәрүр. Бунда дәслеп класс басшысы менен ҳәр бир оқыўшының арасындағы бирге ислесиў мәселеси жетекшилик етеди. Класс басшысы ата-аналарды терең билиўи, оқыўшының шаңарақлық шараятын үйрениўи талап етиледи. Буның ушын ол төмендегилерге дыққат аўдарыўы лазым:

- оқыўшы жасап атырған шаңарақ ҳаққында улыўма мағлыўматқа ийе болыўы, жасаў шараяты, қурамы менен таныс болыўы;

- шаңарақтың тәрбиялық дәрежесиниң қай дәрежеде екенлиги: шаңарақ ағзаларының өз ара қарым-қатнасы, басқа да тәсирлердиң бары-жоқлығын билиўи;

- ата-ананың жәмийетшилик пенен бирге ислесиў ҳалаты, көше, мәҳәлле, таныслары менен мүнәсибети ҳаққында хабардар болыўы;

- шаңарақтың мәдений дәрежеси, яғный, шаңарақ әмел ететуғын қәдирияtlar, әмелге асырылып атырған руўхый-мәдений өзгерислерге қатнасы, мағлыўматы, китап оқыўға қатнасы ҳаққында мағлыўматқа ийе болыўы ҳәм т.б.

Шаңарақ тәрбия ошағы ҳәм жәмийеттиң тийкары болып табылады. Шаңарақлық тәрбия шаңарақтағы жасы үлкен адамлар болған ата-аналар, ўәсий инсанлар тәрепинен әмелге асырылады ҳәм олар мектепте ата-аналар кеңесиниң де тийкарғы ўәкиллери болып табылады. Мектеп басқарыўында ата-аналардың бирге ислесиўинде олардың шаңарақлық тәрбиясының да тәсири оғада үлкен. Сонлықтан, шаңарақ ҳәм мектеп бирге ислесиўи тәрбия ҳәм тәлим процесинде, сондай-ақ, мектептиң басқарыў искерлигинде идеологиялық ҳәм психологиялық тәсир көрсетиўдиң өзине тәнлиги менен ажыралады ҳәм айрықша әҳмийетке ийе болып табылады. Бул, өз гезегинде, оқыўшы шахсының қәлиплесиў ҳәм раўажланыў дәрежесине унамлы тәсир тийгизеди.

Ата-ана ҳәм мектеп бирге ислесиўи жоқары тәрбиялық мүмкиншиликке ийе болып, оқыўшылардың миллий қәдириятларға ҳүрмет, инсаныйлық, адамгершилик, меҳир-ақыбетлилик, сабырлылық, иймanлылық, инсаплылық, бир-биреўге сыйласық ҳәм т.б. сыяқлы пазыйлетлерге ийе болыўына жетелейди. Себеби, шаңарақ ҳәм мектеп бирге ислесиўи тәлим ҳәм тәрбия әҳмийетин ҳәр тәреплеме арттырады. Сонлықтан, елимизде ата-аналардың балаларды тәрбиялаў мәжбүрияты нызам жолы менен белгиленген.

Мектеп басқарыўында ата-аналар менен бирге ислесиўди шөлкемлестириўде жоқарыдағы пикирлерди жуўмақластыра келип, ата-аналар басқарыўында мектепте ата-аналар кеңесин шөлкемлестириў ҳәм тастыйықлаў; оның баслығын тайынлаў; ата-аналар кеңесиниң ис режесин таярлаў тастыйықлаў; хожалық ҳәм басқа мәселелерин шешиў ҳәм т.б. оның тийкарғы мәселелери сыпатында атап өтиўге болады. Бул ислерди әмелге асырыў барысында бир қанша тәрбиялық мәселелер орынланады. Биринширден, ата-аналар кеңеси тәлим-тәрбия процесиниң раўажланыў жөнелислерине тәсир өткереди ҳәм мектеп искерлигиниң нәтийжелилигин арттырыўға қатнасады. Екиншиден, билимлендириў мәкемесиниң басқа шөлкем ҳәм мекемелер менен өзара пайдалы бирге ислесиўи жолындағы искерлигин қәлиплестириў ҳәм мектепте тәлим-тәрбия нәтийжелилигин жақсылаў бағдарында илажлар шөлкемлестиреди. Үшиншиден, басқарыў хызметлерин әмелге асырыўда бирге ислесиў ҳәм келисимлерди муўапықластырады. Төртиншиден, шешимин күтип турған тийкарғы мәселелерди шешиўде бар мүмкиншиликлерди иске салыў ҳәм бунда демократия ҳәм әшкаралыққа әмел етиўди тәмийинлейди. Бесиншиден, қарарлар қабыл етиўде барлық қатнасыўшылардың жуўапкершилигин тәмийнлеў ҳәм жәмәәтте унамлы руўхый орталықты қәлиплестириўге қатнасы тәмийинленеди.

Мектеп ҳәм ата-ана бирге ислесиўин басқарыўды шөлкемлестириўде ең соңғы педагогикалық-психологиялық изертлеўлердеги жаңалықларды итибарға алыў бул тараўда исленип атырған жумыслардың нәтийжелилигин еле де арттырады.

### Әдебиятлар

1. Ахмедова Н.К. «Умумий ўрта таълим мактаблари раҳбарлари бошқарув фаолияти самарадорлигини ошириш». Педагогика фанл.бўйича фалсафа доктори (Phd) дисс. автореф. –Тошкент: 2017, 35- б.
2. Аҳлидинов Р.Ш. Таълимни бошқариш. -Тошкент: «Шарқ», 2003.
3. Джураев Р.Х., Турғунов С.Т. Таълим менежменти: Ўқув қўлланма. -Тошкент: «Ворис», 2006, 264-б.
4. Мирқосимов М. Мактабни бошқаришнинг назарий ва педагогик асослари. -Тошкент: «Ўқитувчи», 1995, 159-б.
5. Перегудов Л.В., Саидов М.Х. Олий таълим менежменти ва иқтисодиёти: Ўқув қўлланма. -Т.: «Молия», 2002, 1,84-б.
6. Сафаров О.А. «Замонавий менежмент ёндашувлари асосида халқ таълими тизимини бошқаришни такомиллаштириш». Иқтисодиёт фанлари бўйича фалсафа доктори (phd) диссертацияси автореферати. –Тошкент: 2018.
7. Сейтхалилов Э.А. Таълим сифатини бошқариш. –Тошкент: 2006, 553-б.

**РЕЗЮМЕ**

Мақолада бугунги кунда долзарб бўлган мактаб бошқарувида ота-оналар билан бирга ишлашиш масаласи ҳақида сўз боради. Мактаб бошқаруви принциплари ва асослари ҳақида алоҳида тўхталинган. Ўқитувчиларга мактаб бошқарувида ота-оналар билан ишлаш бўйича машқларни тузишда методик ва назарий таклифлар берилган. Мамлакатимизда бу масалани ўрганиш ўз ечимини талаб қиладиган муаммоларнинг бири ҳисобланади.

**РЕЗЮМЕ**

В статье говорится о проблемах настоящего времени таких как взаимодействие родителей в управлении школой. Отдельно говорится о принципах и особенностях школьного менеджмента школы. Даются методические и теоретические рекомендации учителям в управления школой по работе с родителями. Изучение этой проблемы в республике является одной из важных, которая требует своего исследования.

**SUMMARY**

Authors pay special attention on the principles and peculiarities of school management. Methodical and theoretical recommendations are present to teacher on how to work with parents in school management. Investistigating this problem is very significant in our Republic.

## УМУМТАЪЛИМ ФАНЛАРИНИ ТАДБИРКОРЛИККА ЙЎНАЛТИРИБ ЎҚИТИШНИНГ ЭДУКОЛОГИК ИМКОНИЯТЛАРИ

**М.М.Мирзакаримова** - *эркин тадқиқотчи*
*Андижон давлат университети*

**Таянч сўзлар:** таълим жараёни, педагогик технология, қобилият, экологик имкониятлар, касбий таълим, тадбиркорлик.
**Ключевые слова:** образовательный процесс, педагогические технологии, навыки, экологические возможности, профессиональная подготовка, предпринимательство.
**Key words:** educational process, pedagogical technology, skills, ecological opportunities, vocational training, entrepreneurship.

Жамиятимиз ривожланишининг чуқур иқтисодий ва ижтимоий ўзгаришлари рўй бераётган ҳозирги босқичида ўқувчиларга тадбиркорликка йўналтирилган таълим-тарбия бериш сифатини ошириш йўллари ва воситаларини излаб топиш замонавий педагогиканинг асосий долзарб вазифаларидан бири бўлиб қолмоқда. Бу масалаларга Ватанимиз мустақилликка эришгандан кейинги йилларда ҳукуматимиз томонидан ҳам катта эътибор берилиб келинаётганлиги ҳаммамизга аён. Ўзбекистонда олиб борилаётган таълим ислоҳоти бевосита унинг демократик, бозор муносабатларига ўтиш жараёни билан бирга амалга ошмоқда. Мазкур жараёнлар моҳиятан педагогик таълим тизими кадрлар тайёрлаш имкониятларининг тубдан яхшиланишига, жамиятни оғишмай ривожлантириш негизида умумжаҳон таълим муҳитига мос тарзда узлуксиз педагогик таълим тизимини яратишга олиб келди [1:10].

Шу сабабли ҳам биринчи навбатда, таълим мазмуни ва унинг таркибини кенгайтириш ва чуқурлаштириш, хусусан, умумтаълим фанларини тадбиркорликка йўналтирилган ўқитиш технологиялари ёрдамида таълим сифатини ошириш ғояси ҳозирда ҳам долзарб масалалардан эканлигини таъкидлаш ўринлидир. Бу мазмунга нафақат билим, кўникма ва малака, балки умуминсоний маданиятни ташкил қилувчи – ижодий қобилиятларни ривожлантириш, тадбиркорликка йўналтирилган ўқитиш тизими орқали миллий қадриятларга, атроф-муҳитга нисбатан муносабатларни ҳам киритиш мумкин[2:298].

Республикамизнинг барча таълим жабҳаларида бўлганидек, тадбиркорлик соҳасида ҳам бу муаммонинг ечимини топиш устида анчагина изланишлар олиб борилган. Таълим муассасаларида ўқувчиларнинг ижодий фаолиятларини ривожлантириш соҳасида ижобий натижаларга эришишга имкон берадиган фаол тадбиркорликка йўналтирилган таълим бериш усуллари амалда татбиқ қилиш устида ижобий ишлар қилинган. Бир неча тадқиқотлар шуни кўрсатадики:

- Тадбиркорлик ва ижодкорлик қобилиятларни ривожлантириш учун устоз-шогирд тизимида ўқувчилар билан индивидуал ишлашга [7:123] кўпроқ урғу берилади.
- Тадбиркорликка йўналтирилган педагогик технологиянинг аҳамияти аввал ўзлаштирган назарий билимлар билан янги ўзлаштириладиган билимлар орасида мустаҳкам боғланишларнинг юзага келиши билан белгиланади”[8:11].
- Тадбиркорликка йўналтирилган ўқитиш технологияларининг таълим-тарбия жараёнига кенг татбиқ қилиниши, таълим мазмунини бойитишга, уни такомиллаштиришга ва ўқувчилар билимини ўзлаштиришда жадаллаштириш, ҳамкорлик ҳамда якка тартибда таълим олиш ва таълимни комплекс лойиҳалаштириш муаммоларини ечишга қаратилган[3:272].
- Тадбиркорликка йўналтирилган ўқитиш жараёнида шахс ўзининг фикри, диққат-эътибори ва айни пайтдаги ҳиссий кечинмаларини иш фаолиятининг самарали бўлишига ва фойдали қиймат олишга йўналтиради[4:129].
- Субъект-объект муносабати асосида қайтар алоқа ўрнатилади [5].
- Ўқитувчи ва ўқувчи ўртасида ўзаро ҳамкорлик “устоз-шогирд” муносабатлари қарор топади [6:02].
- ўзининг эришган ютуғидан қониқиш ҳосил қилади[9:56]. Маълум бир муваффақиятга эришиш эса янги куч, ўз иқтидорига ишонишнинг омили бўлиб хизмат қилади [9:57].
- Шахс манфаати жамият манфаати билан тобора уйғунлашиб боради[10:6].

Педагогик фаолиятда босқичма-босқичликни назарда тутадиган тадбиркорликка йўналтирилган ўқитиш технологияси бўлажак мутахассисни ҳаётий – ўқув фаолиятини мустақил қура оладиган, унга тузатишлар кирита оладиган фаол, ижодкор шахсни шакллантиришга қаратадиган замонавий инновацияларни ўзлаштириш ва ишлаб чиқиш жараёни